



## Paj siyati pou Dokiman Admisyon

Non Kliyan: \_\_\_\_\_ RM# \_\_\_\_\_

### Livrè Prensip yo:

- Dwa & Responsabilite Kliyan
- Prensip Pou Randevou Rate
- Rapòte Timoun ki Disparèt
- Pwosedi pou Konplent
- Komite Defans Dwa Moun
- Avi pou Pratik Konfidansyalite yo
- Prensip Finansye yo
- Deklarasyon Ekri sou Rezon nou Mande Nimewo Sosyal Sekirite

Avèk Siyati m pi ba a Mwen rekonèt ke M Te resevwa yon kopi *Manyèl pou Kliyan Sant Paran-Pitit yo*. M te jwen n opòtinite pou li prensip ak enfòmasyoin ki pi wo yo, ki nan Manyèl la, epi poze pwofesyonèl mwen an kesyon konsènan presnip yo.

### Konsantman pou Tretman

Avèk siyati m pi ba a, M bay konsantman pou anplwaye *Community Partners of South Florida (CP)*. a pou administre tretman. M konprann ke CP. se yon sit fòmasyon pou yon varyete etidyan pwofesyonèl e ke etidyan, apranti, oswa entèn ki Anrejistre, anba sipèvizon yon pwofesyonèl lisansye, ka founi kèk sèvis. M konprann ke pa gen okenn garanti ni asirans an rapò ak rezulta yo ke m ka jwenn. Adisyonèlman, M gen dwa pou refize tretman nenpòt lè. CP

---

Kliyan

---

Dat

---

Paran/Gadyen si kliyan an poko gen 18 an

---

Dat

---

Temwen

---

Dat



## **MEDICAID/PHP OTORIZASYON POU VOYE BIL**

Non Kliyan: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_ RM # \_\_\_\_\_  
Siyati Non

Sa pral otorize *Community Partners of South Florida (CP)*.. pou pataje enfòmasyon medikal jeneral, ansanm ak Sikyatrik/sikologik, apati rejis medikal mwen yo dapre sa ki preskri nan Florida Statutes 90.242, 490.32 ak oswa 458.16 and 458.21 pou MEDICAID ak PHP.

Yon otorizasyon medikal jeneral ak yon subpoena duces tecum, san otorizasyon espesifik pou pataje enfòmasyon sikuatrik/sikolojik dwe genyen dokiman renonsyasyon sa ke pasyan an oswa reprezantan otorize li siyen.

Rejis ki dwe itilize pou voye bil MEDICAID/PHP.

M konprann ke M gen dwa pou refize otorizasyon sa e ke enstitisyon an ki site pi wo a pa ka sibi okenn pou suit legal si yo ta pataje enfòmasyon ki egzije a.

**ENTEDIKSYON POU RE-DISTRIBYE:** Enfòmsyon sa te devwale ba ou apati rejis ki pwoteje pou konfidansyalite dapre lalwa. Li entèdi pou re-pataje enfòmasyon an.

Otorizasyon sa pral rete valid pou dire sèvis yo nan enstitisyon sa nan sousi pou founi enfòmasyon pou biwo MEDICAID/PHP ka fè peman pou pou suit legal si pasyan an oswa fanmi li ta deside sa.

\_\_\_\_\_  
Kliyan \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Paraf Paran/Gadyen \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Temwen \_\_\_\_\_ Dat \_\_\_\_\_

# Sans Paran-Timoun Manyèl Kliyan

Dwa & Responsabilite Kliyan	Paj 2
Prensip Pou Randevou Rate	Paj 3
Timoun ki Disparèt	Paj 4
Pwosedi pou Plent	Paj 5
Komite Defans Dwa Moun	Paj 6
Avi pou Pratik Konfidansyalite yo	Paj 7
Prensip Finansye yo	Paj 10
Deklarasyon Ekri sou Rezon nou Mande	Paj 11
Nimewo Sosyal Sekirite	

## **DWA & RESPONSABLITE KLIYAN**

**DIYITE ENDIVIDYEL:** Kliyan an ak fanmi li dwe trete avek respè ak koutwazi. Ajans lan pa fè diskriminasyon nan fason yo founi sèvis yo. Yo pa ka refize okenn moun sèvis sou baz koulè, ras, reliyon, oryantasyon seksyèl, orijin nasionalite, sèks oswa salè. Tout sèvis yo volontè epi prensip ak pwosedi òganizasyon an asire ke konsomatè ki jwenn sèvis la ka refize nenpòt sèvis, tetman, oswa medikaman, sof li lalwa oswa tribinal egzije sa. Yo pa ka refize okenn manm sèvis kèleswa andikap li genyen. Yo pral pataje enfòmasyon sou rezon pou tretman, benefis, efè segondè ki kouran, altènativ ak dire apwoksimatif tretman an.

**PATISIPE NAN TRETMAN & PLAN EGZEYAT:** Kliyan an ka dakò oswa refize tetman, dapre preskriksyon lalwa. Kliyan an pral resevwa tretman pèsonalize nan yon fason ki mete mwens restriksyon posib. Kliyan an pral patisipe nan tout planifikasyon pou tretman ak egzeyat epi evalyasyon sèvis yo.

**KALITE TRETMAN:** Pwofesyonèl konpetan pral founi tretman pou tout moun ke ajans lan bay sèvis.

**KONSANTMAN RAPID APRE BONJAN ENFOMASYON:** Yon gadyen pral oblige bay konsantman espesifik apre bonjan enfòmasyon pou admision ak tretman pou yon kliyan minè. Kliyan an oswa gadyen an ka revoke konsantman an nenpòt lè.

**KONFIDANSYALITE:** Rejis klinik yokonfidansyèl epi yo konsève nan andwa ki sekirize. Enfòmasyon kliyan yo pa ka devwale san pèmisyon ekri, sof si lalwa mande pou rapòte l. Enfòmasyon yo ka devwale pou pwoteje kliyan an pou li pa fè tèt li mal oswa menase lòt moun.

**AKSE NAN REJIS YO:** Kliyan ak gadyen an gen dwa pou revise rejis yo, sof si lalwa entèdi sa, oswa li ka poze danje pou moun lan.

**ENFOMASYON SOU PEMAN:** Kliyan an ak gadyen an gen dwa pou konnen metòd yo chgaje yo ak peman.

**PLENT AK DOLEYANS:** Kliyan ak gadyen an gen dwa pou depoze yon plent fòmèl nan itilize Pwosedi Doleyans ajans lan, ki se yon pati nan Manyèl sa. Si yon kliyan gen yon andikap oswa gadyen an santi ke dwa yo te cycle, yo ka kontakte Disability Rights Florida nan 1-800-342-0823, oswa 1-800-346-4127 (TTY/TDD), oswa Biwo US Department of Health & Human Services Biww Civil Rights nan 1-800-368-1019 oswa TDD 1-800-537-7697 oswa Florida Communication Human Relations 1-850-7082.

**RESPONSABLITE KLIYAN AK GADYEN:** Kliyan ak gadyen an gen responsablitè pou founi enfòmasyon presi ak konplè konsènan kliyan an. Kliyan ak gadyen an gen responsablitè pou poze kesyon lè yo pa konprann enfòmasyon/enstriksyon yo. Kliyan ak gadyen an yo responsab pou patisipe nan tretman an. Yo pral notifye pwofesyonèl la si yo pa ka oswa pa vle suiv rekòmandasyon yo nan tretman an, epi si yo pa ka kenbe yon randevou ki te planifye.

**JERE KONPOTMAN:** CP pa employé nenpòt moun ak konpòtman ki restrikté. Nou bay kliyan yo libèté San limit, pou yo ka fè sa yo vlé. Nou pa dakò é nou pa supòté pou kliyan nou ta santi yo izolé, konkrent, oswa pou yo gennen. CP promoté yon anviwònman ki bél, yon kilti ki konsantré pou nou fè kliyan yo konfòtab. Sa démontré yon réspè mityèl ant emplwayé yo é kliyan yo.



### **PRENSIP POU RANDEVOU RATE**

Nan bi pou founi sèvis dekalite pou pi plis fanmi posib, prensip ki bi ba yo pral aplike alalèt pou randevou rate yo:

Yon randevou rate defini kòm yon randevou planifye ke ou manke, san ou pat avèti *Community Partners of South Florida (CP)., Inc.* 24 èdtan alavans sou lè randevou a. Epitou, kliyan yo rive plis pase 15 minit apre lè randevou a te planifye a ka konsidere tankou ou te rate randevou a.

Nenpòt kliyan, ki rate de randevou pou sèvis konsekitif nan mitan yon pwogram, pral rankonte ak anplwaye tretman nan CP. pou sispann sèvis yo.

Lè w ap planifye yon randevou, asire w ke lè a apwopriye pou tout manm fanmi ou ki konsène yo epi ou gen transpò disponib.

## **RAPOTE TIMOUN ki DISPARET**

*Community Partners of South Florida (CP).. pran angajman pou enstwi tout moun ka p founi swen yo (ki enkli paran ak moun ki pa paran yo) pou imedyatman fè bagay sa yo, jan sa aplikab, epi dokimante efò yo pou dekouvri ke yon timoun ki sou responsabilite disparèt:*

### **Si gen ijan s nan sisityasyon an epi oblige gen aksyon imedyat:**

- (1) Rele otorite sekirite publik lokal yo imedyatman posib apre ou detèmine ke timoun lan dis[arèt epi mande ofisy a pou:
  - (a) Pran yon rapò ekri sou yon timoun ki disparèt.
  - (b) Kreye yon nimewo dosye epi bay moun ki responsab oswa moun ki fè rapò a nimewo a.
  - (c) Founi yon kopi rapò sou dosye a nan men otorite sekirite publik yo lè l disponib.
- (2) Si ofisy sekirite publik ki reponn lan refize pran rapò sou timoun ki disparèt la, pou kelkeswa rezon an, mande non ofisy a ak non anjans espesifik sekirite publik la. Kontakte imedyatman founisè sèvis pou timoun nan CP. pou rapòte enfòmasyon sa. Founisè sèvis la pral rapòte enfòmasyon a bay referans yo nan Sant Kominikasyon Depatman Sekirite Biblik Florida pou Timoun ki Disparèt nan distri a ki pral kontakte FDLE pou mande asistans pou jwenn rapò sou timoun ki disparèt la.

### **Si pa gen sitiyasyon dijans:**

- (1) Nan premye èdtan an, verifye pou wè kisa, si genyen, nan bagay pèsonèl timoun lan ki disparèt oswa si timoun lan kite yon nòt.
- (2) Rele moun sila yo pou asire ke yo pat wè timoun lan, oswa si gen okenn endikasyon ki ka eksplike sitiyasyon timoun ki disparèt la
  - (a) Pwofesè lekòl/timoun lan;
  - (b) Paran/fanmi timoun lan ki viv nan zòn jewografik la, si sa apwopriye.
  - (c) Tout zanmi oswa andwa ke timoun lan frekante jeneralman, abri lokal pou moun ki sove (si gen youn nan kominote a); ak,
  - (d) Anplwayè timoun lan, si sa aplikab.
- (3) Ekri sou papye tout enfòmasyon ou ranmase ki t aka ede lokalize timoun lan.
- (4) Founi nimewo telefòn epi mande moun ki pi wo yo pou yo tounen rele epi pataje enfòmasyon si yo genyen plis enfòmasyon oswa wè timoun lan.
- (5) Ekri sou papye ki rad timoun lan te gen sou li dènye fwa yo te wè timoun lan epi jwenn yon foto resan.

Si timoun lan retounen nenpòt lè, ou dwe kontakte imedyatman tout ajans sekirite publik yo ak lòt ajans yo dwe jwenn notifikasyon ke timoun lan te disparèt. Si nenpòt lè ou jwenn enfòmasyon nèf sou lokalizasyon timoun lan, ou dwe kontakte imedyatman tout ajans sekirite publik yo ak lòt ajans yo ki te notifye ke timoun lan te disparèt epi fè tout efò posib pou retounen timoun lan lakay li.

**\*Sitiyasyon Dijans** vledi sitiyasyon ki mande aksyon imedyat, tankou yon timoun ki pi pitit pase trèzan, ki sanse pa nan espas kote li gen sekirite pou laj li ak devlopman l, ki mantalman andikape, ki nan yon sitiyasyon ki menase lavi l, ki ansanm ak moun ki ka mete andanje byennèt yo oswa ki absan nan sikonstans ki inabilityèl dapre konpòtman nòmal timoun lan.

### **PWOESIS PLENT**

Nenpòt lè ou oswa paran/gadyen legal la panse ke yon aksyonanplwaye *Community Partners of South Florida (CP)*. te pran enjis, oswa kwè ke ou pat resevwa yon tretman jis, ou gen dwa pou depoze yon plent. Plent sa rele yon *doleyans*. Pou depoze yon doleyans, ou dwe suiv demach sa a:

1. Eseye simonte diferans ant ou ak responsab dosye w la, terapis, oswa lòt anplwaye yo. Si ou pa jwenn satisfaksyon nan fè sa, yo pral refere w kote Sipèvizè a epi ou ka depoze yon plent fòmèl alekri.
2. Ekri plent la sou fè papye blanch, epi mansyone tout fè yo epi remèt li bay Depatman Amelyorasyon Kalite nan CP a. Ou ka kontakte Depatman Emelyorasyon kalite a nan (561) 841 3500.
3. Nan espas kenz (15) jou apre ou te remèt plent la nan Depatman Amelyorasyon Kalite a, nou pral diskite plent la avèk ou epi paran/gadyen legal ou yo epi eseye jwenn yon akò oswa solisyon. Uo pral resevwa yon lèt ki mansyone aksyon ki te poze konsènan konplent ou an epi mansyone rezolisyon dapre akò ant Depatman Amelyorasyon Kalite a, oumenm ak apran/gadyen legal ou.
4. Si, pou nenpòt rezon, ou pa satisfè avèk rezulta doleyans ou a, ou ka depoze yon apèl. Ou ka fè apèl alekri, epi remèt li bay Ofisyè Anchèf Operasyon yo (COO) nan espas kenz (15) jou apre w resevwa lèt repons la. Apèl ou a pral sibi revizyon Komite Emelyorasyon Kalite Kontini an ak Ofisyè Anchaj Operasyon yo. Ou pral resevwa yon lèt repons de komite a nan espas dis (10) jou ouvrab.

**PA GEN OKENN AKSYON KI PRAL PRAN KONT OU PASKE OU DEPOZE YON DOLEYANS.**



## **KOMITE DEFANS DWA MOUN**

Dwa Ou yo Pandan wa P Resevwa Sèvis nan Florida

- |   |                                      |
|---|--------------------------------------|
| • Dwa pou Diyite Endividyle                     | Dwa pou Tretman                      |
| • Konsantman Rapid Apre Bonjan Enfòmasyon:      | Dwa pou Tretman de Kalite            |
| • Dwa pou komunikasyon, Rapòte Abi ak pou Vizit | Dwa pou Vote nan Eleksyon piblik yo  |
| • Dwa pou Swen ak Konsève Bagay Pèsonèl ou yo   | Dwa pou mande pou yon manda tribunal |
| • Dwa pou Vote nan Eleksyon piblik yo           | Dwa sou Rejis Klinik yo              |
| • Dwa pou Timoun yo Jwenn Edikasyon             | Dwa pou Deziyen Reprezantan w yo     |
| • Dwa pou Patisipe nan Tretman ak Plan Egzeyat  |                                      |

### **US Depatman Sante & Sèvis Imèn Biwo Dwa Sivil yo**

1-800-368-1019                  1-800-537-7697 (TDD)

### **Dwa Andikape yo nan Florida**

1-800-342-0823 OR              1-800-346-4127 (TTY/TDD) [www.disabilityrightsflorida.org](http://www.disabilityrightsflorida.org)

Dwa Andikape yo se yon òganizasyon San Pwofi ki founi sèvis pwoteksyon ak defans nan leta Florid la.

– Misyon yo se pou fè pwomosyon bon kalite lavi, diyite, oryantasyon pèsonèl, ak libète pou moun andikape yo chwazi pa mwayen kolaborasyon edikasyon, defans, ansanm ak estrateji legal ak lejislativ yo.

## **AVI POU PRATIK KONFIDANSYALITE yo**

**AVI SA DEKRI KIJAN ENFOMASYON MEDIKAL KONSENAN OU KA ITILIZE EPI DEVWALE AK KIJAN OU KA GEN AKSE NAN ENFOMASYON SA.**

### **TANPRI REPASE L AVEK ATANSYON**

Dat anre anvigè Nòt sa ak prensip la: 14 April, 2003

**1. OBJEKTIF:** *Community Partners of South Florida (CP).. ak ekip pwofesyonèl li yo, anplwaye yo, ak estajyè li yo suiv pratik konfidansyalite yo ki dekri nan Avi sa CP. kenbe enfòmasyon sou sante mantal ou yo nan rejis ki byen konsève ak pwoteje yon fason konfidansyèl, jan lalwa mande sa. Tanpri remake ke nan bi pou founi pi bon swen ak tretman posib tout ekip pwofesyonèl ki enplike nan tetman w ak anplwaye yo ki enplike nan aktivite swen sante w nan ajans la dwe gen aksè a rejis ou yo.*

#### **2. KISA KI GENYEN NAN AKTIVITE TRETMAN AK SWEN SANTE YO?**

Tretman w lan enkli pataje enfòmasyon nan mitan pwofesyonèl swen sante yo ki enplike nan sèvis swen sante mantal ou yo. Paegzanp, si w ap wè alafwa yon doktè (sikyat) ak yon espesyalis sikoterapi, yo ka pataje enfòmasyon nan pwosesis koòdinasyon swen w. Rejis tretman yo ka sibi revizyon kòm yon eleman nan pwosesis sanrete ki gen objektif pou asire kalite tout aktivite nan Ajans lan. manm ekip yo ki deziye pa Komite Amelyorasyon Kalite a ka gen aksè ak rejis klinik ou yo peryodikman pou verifye ke prensip yo nan Ajans lan respekte.

#### **3. KIJAN *Community Partners of South Florida (CP)*. PRAL ITILIZE ENFOMASYON SANTE M KI PWOTEJE YO?**

CP pral kenbe rejis pèsonèl ou yo pou apeprè sèt (7) ane apre dènye kontak ou ak klinik la. Apre tan sa fin epuize, yo pral efase, dechire an miyèt, boule oswa detwi nan nepòt fason rejis vizit ou yo yon fason pou pwoteje konfidansyalite w, Kopi rejis sèvis yo ki te distribye bay lòt enstitisyon yo kontinye egziste epi jere dapre pwòp prensip pa yo.

Jiskaske rejis yo detwi yo ka sèvi nan objektif ki pi ba yo sof si ou te mande mete restriksyon sou itilizasyon ak devwalman espesifik:

- Rapèl pou randevou yo ak notifikasyon lè yon randevou anile oswa replanifye;
- Jan lalwa ka mande sa;
- Pou rezon sante publik tankou rapòte abi oswa negligians sou yon timoun oswa granmoun; rapòte reyaksyon apre medikaman; kontwòl maladi enfeksye; notifikasyon otorite yo pou ka sispek abi, negligians, oswa vyolans domestik (si ou dakò oswa lalwa mande sa);
- Aktivite sipèvizon sante mantal, tankou, Odit, enspeksyon oswa envestigasyon sou administrasyon ak jesyon CP;
- Pwosè ak diskisyon;
- Sekirite publik yo (tankou, repons pou yon desizyon tribunal oswa lòt demach legal) pou idantifye oswa lokalize yon moun ke otorite yo ap chèche; konsènan viktim yon krim anba sikonstans espesyal; konsènan yon ka lanmò ki ka se rezulta yon konpòtman kriminèl ki rive nan enstitisyon an; lè gen sitiysyon ijans ki gen rapò ak yon krim;
- Pou anpeche menas grav sou sante oswa sekirite;
- Pou egzekite sèvis sante mantal ak pou transkripsyon ak sèvis voye bil;

- Pou otorite kòmandman militè si ou se yon manm fòs lame yo oswa yon manm otorite militè etranje.
- Sekirite nasyonal ak sèvis entelijans;
- Pwoteksyon Prezidan an oswa lòt moun otorize tankou Chèf deta etranje, oswa pou mennen envestogasyon espesyal.
- *Nòt sikoterapi yo ki konsève separeman de rejis yo benefisyé pwoteksyon espesyal epi egzije otorizasyon pou devwale yo, avèk kèk eksepsyón.*
- *Nòt sikoterapi yo pa enkli preskripsiyon ak siveyans medikaman, lè sesyon konsèyo kòmanse ak fini, modalite ak frekans yo te founi sèvis sipò nan kay, rezulta tès klinik, ak tout rezime elman sa yo: dyagnostik, sitiyasyon fonksyonèl, plan tetman, sentòm, pwonostik, ak pwogrè resan, anplwa, aplikasyon, itilizasyon, egzamen, oswa analiz enfòmsyon sa yo anndan yon enstitisyon ki kenbe kalte enfòmsyon sa yo.*
- Enfòmsyon sou abi alkòl ak dwòg gen pwoteksyon konfidansyalite espesyal. *Community Partners of South Florida (CP)*. pa pral devwale okenn enfòmsyon ki idantifye yon moun kòm yon kliyan oswa founi okenn enfòmsyon sante mantal oswa medikal ki gen pou wè ak sèvis sante mantal pou abi dwòg sof si: (i) kliyan an konsanti alekri; (ii) yon desizyon tribunal egzije devwale enfòmsyon an; (iii) pèsonèl medikal la bezwen enfòmsyon pou reponn yon sitiyasyon ijansmedikal; (iv) pèsonèl kalifye itilize enfòmsyon an nan bi pou mennen rechèch, fè odit, oswa pwogram evalyasyon; oswa (v) li nesesè pou rapòte yon krim oswa menas pou komèt yon krim oswa rapòte abi oswa neglijans dapre sa lalwa mande.

**4. OTORIZASYON OU OBLIGATWA POU DEVWALMAN TOUT LOT KA YO.** Eksepte jan sa dekri anvan sa, nou pa pral itilize oswa devwale enfòmsyon apati rejis ou yo so si ou otorize (pèmèt) nou fè sa alekri. Ou ka revoke pèmisyon w lan, ki pral efekrif sèlman apre dat ou te ekri revokasyon an.

#### 5. OU GEN DWA KONSENAN ENFOMASYON SANTE W KI PWOTEJE YO.

Ou gen dwa ki pi ba yo nan sa ki an rapò ak enfòmsyon sante w, depi ou fè yon rekèt alekri pou envoke dwa a sou yon fòm CP. founi.

- **Dwa pou mande restriksyon.** Ou ka mande limitasyon sou enfòmsyon sou sante mantal opu ke nou devwale, men nou pa oblige dakò avèk rekèt ou a. Si ou dakò, nou pral respekte rekèt ou an amwenske enfòmsyon nesesè pou founi w sèvis swen mantal an ijans.
- **Dwa pou komunikasyon konfidansyèl.** Ou ka mande komunikasyon nan yon fason espesyal oswa nan kèk kote espesyal, men ou dwe presize kijan oswa kikote ou vle nou kontakte w.
- **Dwa pou enpekte ak kopye.** Ou ka gen dwa pou enspekte ak kopye enfòmsyon sante mantal ou an rapò ak desizyon sou swen ou; sepandan, ou pa ka enspekte ni kopye nòt sikoterapi yo. Nou ka chaje yon frè pou kopye, ekspedisyon lapòs, ak ekipman yo. Nan sitiyasyon limite, nou ka rejte rekèt ou a; ou ka mande pou revize rejè a pa yon lòt pwofesyònèl sante mantal lisansye ke CP, CP pral respekte rezulta revizyon an.
- **Dwa pou mande klarifikasiyon sou rejis yo.** Si ou kwè ke enfòmsyon sa nou gen sou ou an enkòrèk oswa enkonplè ou ka mande pou n ajoute enfòmsyon pou klarifye. Ou ka mande pou yon fòm kki fèt pou sa epi fòm lan pral mande kèk enfòmsyon espesifik. CP pa oblige aksepte enfòmsyon ou pwopoze a.
- **Dwa pou responsabilite pou devwalman yo.** Ou ka mande yon lis enfòmsyon sou sante mantal ou ki ka devwaleke ou te remèt moun oswa antite anplis sèvis swen sante mantal yo oswa aktivite swen sante yo nan yuit (8) ane ki pase yo, men pa avan 14 Avril, 2003.
- **Dwa pou yon kopi Avi sa.** Ou ka mande yon kopi papye sou Avi sa nenpòt lè, menm si ou te resevwa yon kopi elektwonik. Ou ka enprime yon kopi avi sa apati nenpòt sit entènèt klinik nou mete adispozisyon w.

#### 6. OBLIGASYON AN RAPO AK AVI SA.

CP, Inc. oblige mete adispozisyon Avi sa ki kòmande pratik konfidansyalite nou yo. CP ka chanje prensip sa oswa



pwerso yo ki gen pou wè ak pratik konfidansyalite yo. Si epi lè chanjman sa yo fèt, chanjman yo pral ante an vigè pou enfòmasyon sante mantal nou genyen konsènan ou ansanm ak tout enfòmasyon nou resevwa alavni. Nenpòt lè ou vizite CP. pou yon randevou, ou ka mande epi resevwa yon kopi Avi sou Konfidansyalite a ki an vigè nan moman sa.

#### 7. KONPLENT YO.

Si ou kwè dwa konfidansyalite w te vyole, ou ka depoze yon konplent devan CP oswa devan HHS Biwo Civil Rights. Yo pa p penalize w oswa fè okenn reprezay kont ou paske w te depoze yon konplent.

Kontak: Rele CP epi mande pale ak moun/ofisyèl responsab pou konfidansyalite nan **561-841-3500**.

*Si ou gen yon konplent; si ou gen nenpòt kesyon konsènan avi sa; si ou swete mande restriksyon sou itilizasyon ak devwale enfòmsyon swen sante, sèvis sante mantal, oswa aktivite yo; ou ka jwenn tout fòm ki mansyone pou egzèse dwa endividyèl ki dekri pi wo a.*



### **PWOSEDI FINANSYE YO**

Sa ki pi ba a se yon deklarasyon sou Prensip DFInansye ke nou mande pou w li epi aksepte ke pou te resevwa l avan n kòmanse tretman an.

### **PEMAN**

Ou dwe remèt tout peman nan moman sèvis la. Nou aksepte chèk, kash, manda postal, oswa Mastercard/Visa. Adilt ki akonpanye yon minè responsab pou peman.

### **PLAN MEDICAID YO**

Medicaid gen kontra dirèk avèk *Community Partners of South Florida CP*, konsa CP responsab pou kolekte kopeman nan moman sèvis la. Si nenpòt lè Medicaid ou fini, se responsabilite w pu w rele biwo nou pou diskite pou negosye frè yo. Si ou pa fè okenn efò pou kontakte ofis nou an, ou pral responsab pou peye tout frè pou sèvis yo ki founi apre Medicaid la te fini.

### **PLAN ASIRANS JESYON SWEN**

Aplike pou peman asirans ak mande otorizasyon inisyal oswa pre-otorizasyon se yon koutwazi ke nou ofri ou. Si ou manm yon plan ke nou aksepte kòm founisè, tout ko-peman yo ak dediktib yo dwe peye nan moman sèvis yo. Tanpri sonje ke si nenpòt lè Medicaid ou fini, se responsabilite w pu w rele biwo nou pou diskite pou negosye frè yo. Si ou pa fè okenn efò pou kontakte ofis nou an, ou pral responsab pou peye tout frè pou sèvis yo ki founi apre dat asirans ou te fini.

CP.angaje pou founi pi gwo nivo tretman pou pasyan nou yo. Nou chaje sa ki abityèl e kouran nan rejyon sa. Ou responsab pou peman kèlkeswa desisyon jijman konpayi asirans sou pri abityèl ak kouran yo. Frè pou sèvis yo evalye sou baz endividiyèl epi diskite avèk ou alavans.

Mèsi paske ou li Prensip Finansye nou yo. Tanpri kontakte CP nan (561) 841 3500 epi mande pou pale ak Reprezantan Depatman pou Bil si ou gen nenpòt kesyon oswa sousi.



### **DEKLARASYON EKRI SOU REZON nou MANDE NIMEWO SOSYAL SEKIRITE**

Dapre Lwa Florid, *Community Partners of South Florida (CP)*. oblige etabli, alekri, rezon ki fè nou kolekte nimewo sosyal sekirite yo. PCC pi lwen oblige founi moun ki bay enfòmasyon sou sosyal sekirite yo avèk yon kopi ekri etabli pou rezon sa yo.

Kèk pwogram ak sèvis founi pou manm yo nan piblik la, nan e atravè CP jwenn fon konplè oswa pasyèl nan Depatman Timoun ak Fanmi (DCF). Yon ajans ki founi pwogram oswa sèvis ki jwenn fon konplè oswa pasyèl atravè DCF ka pataje avèk DCF nimewo sosyal sekirite yon moun ki resevwa nenpòt nan kalte pwogram oswa sèvis sa yo. Sepousa, CP kolekte nimewo sosyal sekirite pou rezon sa yo:

- Pou rechèch, suiv ak mezire enpak pwogram ak sèvis ki jwenn fon DCF nan yon efò pou mentni ak amelyore kalte pwogram ak sèvis sa yopou lavni (enfòmasyon endividyle yo pap devwale).
- Pou idantifye epi matche moun ak enfòmasyon anndan ak pam i diferan sistèm ak lòt ajans pou rezon rechèch yo.
- Si sa aplikab, pataje enfòmasyon avèk Depatman Sante Florida pou mete fon disponib pou Medicaid.



## **FEY TRAVAY & AKO PEMAN**

Non Kliyan: \_\_\_\_\_ RM # \_\_\_\_\_

*Community Partners of South Florida (CP)*. is se yon kòporasyon san pwofi ki sipòte an pati pa Leta Florid, kontribisyon prive ak frè sèvis yo. Frè nou resevwa yo se yon pati ensansyèl pou pèmèt nou kontinye founi sèvis nan kominate a.

Si plan asirans ou a mande yon ko-peman pou sèvis CP ou jwenn yo ou pral responsab pou peye frè sa yo.

Si nou pa gen youn nan plan asirans ke nou aksepte epi pa kouvari pa yon lòt payè oswa pèdi kouvèti pandan tretman w lan, ou pral responsab pou kopeman dapre modèl peman ki atache a. Frè konplè yo disponib nan lis ki atache a. Ou pral bezwen peye frè yo nan moman ou jwenn sèvis la.

Enfòmasyon sa pral itilize pou detèmine rabè nan modèl peman an pou kliyan ki pa gen Medicaid oswa lòt kouvèti asirans. Enfòmasyon sa obligatwa pou tout aplikan pou sèvis paske leta a ak distri a gen oblogasyon pou founi rapò.

Kantite Adilt ki nan kay la: \_\_\_\_\_ Kantite Timoun ki nan kay la: \_\_\_\_\_

Tanpri pataje kantite lajan anyèlman ki antre nan kay la: \$ \_\_\_\_\_ oswa salè avan taks: \$ \_\_\_\_\_

RTanpri pataje kantite dola ki soti nan nenpòt lòt sous anba non w (enkli kont labak kouran/epay): \$ \_\_\_\_\_

### **Akò Peman**

M konprann e dakò ke peman m pou sèvis sa yo pral fèt jan l montre pi ba a. Si sikontans yo chanje epi konsa afekte salè fanmi m akò sa pral re-negosye. Pi lwen mwen dakò pou fè peman nan moman mwen jwenn sèvis la oswa lè m resevwa dekalrasyon mansyèl la.

#### **Sou baz modèl peman sa, ko-peman/responsabilite w se pral:**

FRE	SEVIS
Evalyasyon Biyosikosyal	
Egzamen brèf sou Eta Konpòtman Mantal	
Plan Tretman	
Revizyon Plan Tretman	
Evalyasyon Nivo Fonksyon	
Terapi Endividiyèl/Familyal	
Jesyon Dosye Sible	
Sèvis Tretman Konpòtman sou plas	
Evalyasyon Apwofondi	
0-5 Evalyasyon	
Terapi an Gwoup	

Paraf Paran/Gadyen\_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Temwen\_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

